



Paran/Responsab,

Konfòmeman ak Lwa Florida House Bill 1557, Dwa Paran nan Edikasyon, Responsablite Distri Lekòl, lwa sa ekzije chak distri eskolè, okonmansman chak ane eskolè, pou li notifye paran/gadyen de tout sèvis swen sante lekòl pitit-li ofri epitou fè paran konnen li ka egzèse opsyon refi konsantman oswa refize nenpòt sèvis espesifik.

Sèvis sante ki mansyone sou lis anba a disponib nan Lekòl Piblik Broward County.

- Swen ak tretman pou maladi ak blesi.
- Tès evalyasyon jan timoun wè - *Vision screening*
- Tès evalyasyon jan timoun tande - *Hearing screening*
- Tès evalyasyon kwasans ak devlopman (mas endis kòpòrèl) - *Growth and development screening (body mass index)*

Atache ak lèt la, Fòm Konsantman Paran/Gayden bay pou Sèvis Sante (*Parent/Guardian Consent for School Health Services*); paran/gadyen dwe siyen fòm la, si li vle pitit-li resevwa nan lekòl-la sèvis anrapò ak sante oswa tès depistaj sante (*health screenings*). Tanpri asire ou retounen fòm sa nan lekòl pitit ou ositoke posib.

Tanpri kontakte *Coordinated Student Health Services* (Sèvis Kowòdinasyon Swen Sante pou Elèv) si ou gen kesyon, rele nimewo 754-321-1575.